

**AVI POU REKOU KOLEKTIF, ANTANT POU
REGLEMAN KI PWOPAZE, AK ODYANS POU WÈ SI
REGLEMAN AN JIS**

**Rezon ki fè ou ap resevwa avi sa a, se paske yo te idantifye ou
kòm yon aplikan ki pa blan ki te aplike pou yon pòs nan
Depatman Travo Piblik Vil Brockton 10 oktòb 2010 oswa apre
10 oktòb 2010 rive jiska 18 desanm 2019.**

**Lè ou konfime ou fè pati gwoup la, sa ka pèmèt ou jwenn yon peman
apati yon regleman ki pwopaze nan kad yon rekou kolektif.**

- **Si ou se yon moun ki pa blan, tanpri li avi sa a, epi ranpli fòm ki
akonpaye li a, pou ou ka resevwa yon fòm reklamasyon konplè,
piske ou dwe fè aksyon sinon ou ka pèdi dwa ki enpòtan yo. Tanpri
souvèni li pi bonè ou kapab piske fòk yo souvèni tout fòm reklamasyon yo nèt
anvan 27 oktòb 2020. Kidonk, souvèni konfimasyon ou antanke yon manm
gwoup ki pa blan atan pou ou ka resevwa, ranpli epi souvèni nenpòt fòm ki
enpòtan.**

Yon tribinal eta a te otorize avi sa a. Se pa yon demann yon avoka.

- Regleman ki pwopaze a pral bay yon fon ki se \$1,750,000. Yo pral peye Manm Gwoup Regleman ki kalifye yo yon pati ladan li opworata, mwens frè tribinal la apwouve yo.
- Pou ou kalifye pou resevwa yon endamnite, fòk ou pa **blan** epi fòk ou te aplike pou yon pòs nan Depatman Travo Piblik nan Vil Brockton nenpòt ki lè soti 10 oktòb 2010 rive 18 desanm 2019.
- Si ou se yon Manm Gwoup Règleman an, dwa legal ou yo afekte kit ou fè aksyon kit ou pa fè aksyon. Li Avi sa a byen. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Avoka Gwoup yo oswa Administratè Reklamasyon ki endike pi ba a, oswa ale sou www.rg2claims.com/BrocktonDPW oswa [http:// BrocktonDPWSettlement.com](http://BrocktonDPWSettlement.com).
- Ou sou yon lis vil la te ban nou ki genyen non tout **aplikan soti 10 oktòb 2010 rive 18 desanm 2019**. Ou pa **t** idantifye ras ou sou aplikasyon sa a.
- Pou ou resevwa yon endamnite debaz, ou **dwe souvèni fòm reklamasyon ki pi ba a pou idantifye tèt ou kòm yon aplikan ki pa blan** pandan peryòd la pou ou se yon Manm Gwoup Règleman ki kalifye pou yon endamnite. Fòm reklamasyon pou ou idantifye tèt ou kòm yon moun ki pa blan nan avi a. Tanpri ranpli li tousuit, epi nou pral kòmanse

pwosesis reklamasyon an avèk ou. Depi ou soumèt fòm sa a, ou pral resevwa tout fòm reklamasyon an ak lòt enfòmasyon enpòtan yo.

- Pou ou resevwa yon endamnite anplis: Si ou kwè ou kalifye pou jwenn yon endamnite anplis nan yon Gwoup Endamnite Domaj-Enterè Enimere a, ou pral oblije soumèt Fòm Reklamasyon Enimere a ki nan avi a tou ki mande yon pati nan gwoup endamnite sa a.
- Pou kalifye pou ou resevwa yon pati nan Fon Regleman an, ou dwe ranpli yon fòm reklamasyon, siyen li epi soumèt li bay Administratè Reklamasyon an anvan 27 oktòb 2020.

1. Avoka ki Repezante Ou Yo Ak Gwoup La

Si ou se yon Manm Gwoup Regleman an, se Avoka Gwoup yo ki repezante ou nan litij sa a, Elizabeth A. Rodgers ak Philip J Gordon ki soti nan kabinè avoka Gordon Law Group, LLP:

Mèt Elizabeth A. Rodgers.
Mèt Philip J. Gordon.
Gordon Law Group, LLP
585 Boylston Street
Boston, MA 02116
(617)536-1800
erodgers@gordonllp.com
pgordon@gordonllp.com

Sof si ou chwazi pran pwòp avoka pa ou ak kòb nan pòch ou, se Avoka Gwoup yo ki pral kontinye repezante Manm Gwoup Regleman yo nan kad enplemantasyon Regleman an san ou pa peye anyen.

2. Fason pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Si ou genyen plis kesyon, ou kapab jwenn èd gratis nan www.rg2claims.com/BrocktonDPW oswa lè ou rele administratè reklamasyon an nan 1-866-742-4955 oswa lè ou rele Avoka Gwoup yo nan nimewo ki endike pi wo a.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, tout kondisyon ki nan Antant pou Regleman an ak anpil lòt dokiman ki lye ak Regleman an disponib pou gade ak/oswa telechaje swa nan www.rg2claims.com/BrocktonDPW oswa [http:// BrocktonDPWSettlement.com](http://BrocktonDPWSettlement.com).

Yon lòt fwa, delè enpòtan yo se:

Dènnye Jou Pou Konteste Regleman An: 12 oktòb 2020

Dènnye Jou Pou Depoze yon Fòm Reklamasyon Enimere: 27 oktòb 2020

Odyans pou Apwobasyon Final la: 8 desanm__ 2020

Fòm REKLAMASYON POU ENDIKE OU PA BLAN NAN PAJ KI VINI ANNAPRE A

FÒM KONFIMASYON KONSÈNAN RAS

Mwen fè deklarasyon sa a:

1. Mwen pa blan.
2. Mwen te aplike pou yon djòb nan Brockton DPW ant 10 oktòb 2010 ak 18 desanm 2019.

Deklarasyon sa yo mwen fè a se verite, anba sanksyon pou fo temwayaj:

Dat: _____, 2020

(siyati)

Non Konplè

Adrès

Nimewo telefòn

Voye li pa imèl nan: BrocktonDPWSettlement
c/o RG2 Claims Administration LLC
P.O. Box 59479
Philadelphia, PA 19102-9479

Anvan _27 oktòb 2020.